



Mobilizing the Participant Voice

## Gid Patisipan nan MyCap la

### Kisa ki Aplikasyon MyCap la?

MyCap se yon aplikasyon mobil (aplikasyon) ki pèmèt moun reyalize aktivite rechèch epi komuniké ak ekip etid la atravè iOS (v11.0+) ak aparèy Android (v5.0+). Ou ka telechaje MyCap gratis sou Google Play oswa Apple App Store sou nénpòt aparèy mobil.

### Èske enfòmasyon mwen an sekirite sou MyCap?

Wi, tout enfòmasyon ki antre nan MyCap yo ale dirèkteman nan yon baz done elektwonik ki sekirize. Si w pa gen entènèt lè w fin fè yon aktivite, enfòmasyon an ap estoke sou aparèy ou a jiskaske koneksyon entènèt ou an retabli epi pou w ouvè aplikasyon an ankò. MyCap p ap gen aksè ak enfòmasyon ki sou aparèy ou an tankou kontak ou yo, mesaj ou yo oswa adrès ou.


### Kòman pou mwen antre nan yon etid oswa pwojè nan MyCap?

Ekip etid yo ap pataje yon lyen oswa yon kòd QR pou w antre nan yon etid sou MyCap. Plizyè moun ka itilize menm aparèy la pou yo antre nan etid yo epi fin fè aktivite yo. Egzanp, timoun ak moun k ap bay swen yo ka itilize pwofil diferan sou menm aparèy la pou fin fè aktivite rechèch.



### Antre nan yon etid sou MyCap avèk yon Lyen


- Peze lyen an:** Sou aparèy mobil ou a, peze **Klike sou lyen MyCap sa a** nan imèl, tèks, oswa paj wèb ekip etid la bay la. Si ou poko enstale MyCap, y ap voye w nan app store aparèy ou a pou w ka enstale MyCap.
- Ouvè aplikasyon an.**
- Otorize notifikasyon:** Aparèy ou a ap mande si ou vle **Otorize** notifikasyon k ap sòti nan MyCap. Peze **Otorize**. Ou ka dezaktivé notifikasyon yo pou yon etid nan yon pwochen etap.
- Chwazi/kreye pwofil:** Anvan w antre nan etid la, w ap bezwen yon Pwofil MyCap. Ou ka chwazi **Pwofil Prensipal** la epi modifye li pou w mete **non** w oswa peze **Kreye Pwofil**. Nou ankoraje w **aktive yon modpas ki gen 6 chif**.
- Antre nan yon Etid:** Peze **Klike pou w antre nan yon etid avèk yon lyen dinamik**.
- Otorize notifikasyon etid yo:** Peze **Swivan** pou w gade tout ekran akèy etid la epi **Otorize Notifikasyon** pou etid sa a. Notifikasyon MyCap yo ap fè w sonje aktivite ou dwe fè yo ak nouvo mesaj ekip etid la.



### Antre nan yon Etid sou MyCap avèk yon Kòd QR

- Enstale aplikasyon an:** Telechaje aplikasyon an nan app store aparèy ou a.
- Ouvè aplikasyon an.**

- Otorize notifikasyon:** Aparèy ou a ap mande si ou vle **Otorize** notifikasyon k ap sòti nan MyCap. Peze **Otorize**. Ou ka dezaktivé notifikasyon yo pou yon etid nan yon pwochen etap.
- Chwazi/kreye pwofil:** Anvan w antre nan etid la, w ap bezwen yon Pwofil MyCap. Ou ka swa chwazi **Pwofil Prensipal** la epi ou modife li pou w mete **non** w oswa ou peze **Kreye Pwofil**. Nou ankouraje w **aktive yon modpas ki gen 6 chif**.
- Antre nan yon Pwojè:** Peze **ANTRE NAN YON PWOJÈ** apresa peze **Eskane Kòd QR**. MyCap ka mande w pèmisyon pou l gen aksè ak kamera ou a pou w ka fè foto kòd QR la. Klike **Ok** epi eskane kòd QR yo ba w la.
- Otorize notifikasyon etid la:** Peze **Swivan** pou w gade tout ekran akèy etid la epi **Otorize Notifikasyon** pou etid sa a. Notifikasyon MyCap yo ap fè w sonje aktivite ou dwe fè yo ak nouvo mesaj ekip etid la.



## Navige sou Aplikasyon MyCap la

Imaj ki anba yo montre w ki kote ou ka gade epi jwenn enfòmasyon anndan aplikasyon MyCap la.

- Aktivite:** Gade tout aktivite ki ap fèt yo, sa ki anreta yo ak sa k ap vini yo.
- Mesaj:** Voye epi resevwa mesaj ak ekip etid la.
- Pwojè:** Gen aksè ak enfòmasyon **Konsènan** etid la, **Kontaketid** la, ak **Lyen** entènèt ekip etid la bay.
- Pwofil:** Gade etid ou yo epi pèsonalize non pwofil ou, modpas ou ak foto w lè w itilize ikòn ki gen fòm kreyon an.

